# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस के बहराइच जिला के हरदी इलाका में काल्हि मुरती बिसरजन के दौरान भइल झड़प में एगो नौजवान के मउति के बादे हालति तनावपूर्ण बाकिर काबू में हवे। अपर मुख्य सचिव गृह दीपक कुमार अउर एडीजी कानून व्यवस्था अमिताभ यश बहराइच पहुंचि गइल हवें आजु भिन्नहीं कुछ गांव वाले हिंसा फइलवले क कोसिस कइलें, जब झड़प में मारल गइल नौजवान क सव रेहुआ मंसूर गांव पहुंचल, बाकिर पुलिस हालात के सम्हारि लिहलसि। महसी से ले के महराजगंज तक ले तीनि किलोमीटर के इलाका में आगजनी अउर पथराव क घटना सामने आइल। जिला में इंटरनेट सेवा बन्न कइ दिहल गइल हवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह मुद्दा पर एगो उच्चस्तरीय बइठकी क अध्यक्षता कइ रहल हवें। येह बिच्चे हरदी थान्हा क एसओ अउर महसी क प्रभारी के सथहीं दुइ गो पुलिस अधिकरियन के निलम्बित कइ दिहल गइल हवे। पुलिस एगो मनई के गिरफ्तार कइले हवे, जवन कथित तौर पर दुर्गा पूजा जलूस पर गोलीबारी कइले रहल, जेकर नतीजा ई भइल कि एगो नौजवान क मउति हो गइल रहे। हरदी इलाका क रेहुआ मंसूर गांव में काल्हि संझा दुर्गा प्रतिमा बिसरजन के दौरान दुइ गुटन के बिच्चे भइल झड़प में कुछु अउरियो लोगि घाही हो गइलें। जिला क एसपी वृंदा शुक्ला बतउलिनि कि हिंसा के सिलसिला में पचीस से तीस जने के हिरासति में लिहल गइल हवे।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अधिकरियन के हिसा के दोसियन के खिलाफ कड़ेर कार्रवाई कइले क निरदेस दिहले हवें। कानून व्यवस्था बनावे रक्खे खातिर इलाका में भारी पुलिस बल तैनात कइल गइल हवे।

**********

महाकुंभ–दुइ हजार पचीस के सफल आयोजन के ले के प्रदेस सरकार अउर रेलवे प्रसासन बड़हन स्तर पर योजना बनवले हवे। महाकुंभ के दौरान सरधलुअन क भारी भीड़ि के देखत प्रयागराज के नौ गो प्रमुख रेलवे स्टेसन के सुविधा अउर क्षमता में बिस्तार कइल जा रहल हवे। प्रयागराज जंक्शन, सूबेदारगंज जंक्शन, नैनी जंक्शन, छिवकी जंक्शन, रामबाग जंक्शन, झूंसी जंक्शन, फाफामऊ जंक्शन, प्रयाग जंक्शन अउर प्रयागघाट जंक्सन पर मेला स्पेसल रेलगाड़ियन के संचालन क बड़हन योजना तइयार कइल गइल है। येह स्टेसनन पर नवीनीकरण अउर विकास कार तेजी के साथे प्रगति पर हवे।

**********

सर्वोच्च न्यायालय आजु कोविड–19 वैक्सीन के नाते खून क थक्का जमले जइसन दुस्प्रभावन क आरोप लगावे वाली याचिका के खरिज कइ दिहलस। मुख्य न्यायाधीश डी वाई चंद्रचूड़ अउर न्यायमूर्ति जे बी पारदीवाला आ न्यायमूर्ति मनोज मिश्रा क पीठि कहलसि कि जनहित याचिका खाली सनसनी फइलावे खातिर दायर कइल गइल रहे।

**********

कानपुर के पनकी थान्हा इलाका में भौती के लग्गे हाइवे पर आजु ट्रक अउर कार के टक्कर में पांच जने क मउति हो गइल। मरे वालन में कार चालक के अलावा दुइ गो युवक अउर दुइ गो युवती रहलिनि, जवन एगो इंजीनियरिंग कॉलेज क विद्यार्थी रहलें। घटना के बारे में पुलिस उपायुक्त पश्चिम राजेश कुमार सिंह बतवलें कि दुइ ट्रक के बिच्चे में कार फंसले के बाद हाइवे पर पलटि गइल। येह दुरघटना में प्राण वीर सिंह इंस्टीट्यूट ऑफ टेक्नोलॉजी क चारि गो विद्यार्थियन के ले के कार चालक क मउति हो गइल। ओहर, कौशाम्बी के मंझनपुर थान्हा इलाका के बाजापुर गांव में आजु तेज रफ्तार बाइक बेकाबू हो के नहरि में पलटि गइल, जेकरे नाते बाइक पर सवार चारि लोगिन में से एगो किसोरी के ले के दुइ जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल आ एगो युवक इलाज होत के दम तूरि दिहलस। एगो किसोरी क हालति नाजुक बतावल जा रहल हवे। मौका पर पहुंचलि पुलिस लासि के पोस्टमार्टम बदे भेजि दिहले हवे।

**********

मिशन शक्ति फेज–पांच अभियान के तहत प्रदेस भर में जागरूकता कार्यक्रमन क आयोजन कइल जा रहल है। येही क्रम में आजु मऊ में एसिड पीड़िता काजल यादव के एक दिन बदे जिलाधिकारी बनावल गइल। येह मौका पर काजल फरियादियन क समेस्या सुनि के ओकर निपटारा करे बदे अधिकरियन के जरूरी निरदेस दिहलिनि। ओहर, बदायूं के आवास विकास में राजकीय विद्यालय में मेहरारून के बढ़ियां स्वास्थ्य बदे विद्यार्थियन  के कैंसर प्रति जागरूक कइल गइल।

**********

अटल बिहारी वाजपेई इकाना स्टेडियम लखनऊ मे खेलल जा रहल रणजी ट्रॉफी के अहम मोकाबिला में बंगाल क टीमि उत्तर प्रदेस के सामने दुइ सौ चउहत्तर रन क लक्ष्य रखले हवे। आजु बंगाल चउथा दिन्ने तीनि बिकेट पर दुइ सौ चउवन रन बना के आपन दुसरका पारी घोसित कइ दिहलसि। जबाब में अपने दुसरका पारी में उत्तर प्रदेस क टीमि चारि बिकेट खो के बेयासी रन चाय काल ले बना लिहले हवे। अबहिनों ओके जीति बदे एक सौ बानबे रन बनावे के है।

**********

प्रदेस के कई गो जिलन में मां दुर्गा क मुरती बिसरजन क सिलसिला चलि रहल है। पुलिस अउर ड्रोन के निगरानी में पूजा समितियन के ओरि से मुरती बिसरजन कृत्रिम तलाबन में कइल जा रहल है। येही क्रम में आजु कुशीनगर जिला में मुरती बिसरजन के ले के पुलिस अधीक्षक के ओरि से पुरहर पुलिस बल के साथे कई गो घाट क दौरा कइल गइल।

**********